



Pou Piblikasyon Imedya: 07/09/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL SIYEN LEJISLASYON POU EDE ELÈV LEKÒL SEGONDÈ YO EKSELE NAN KLAS LA AK NAN AKTIVITE PARA-ESKOLÈ YO

Lejislasyon (A.514-A/S.5650-A) egzije distri lekòl yo bay paran ak elèv yo enfòmasyon sou òf nan kou plasman avanse yo, avantaj yo, ak sipò distri a bay pou elèv k ap patisipe yo

Lejislasyon (S.1732/A.6091) egzije etablisman gouvènman elèv yo nan lekòl segondè ak distri lekòl kote yo pa egziste kounye a

Gouvènè Kathy Hochul te siyen jodi a lejislasyon pou ede elèv lekòl segondè yo reyisi -- alafwa anndan ak deyò salklas la. Lejislasyon (A.514-A/S.5650-A) asire paran ak elèv yo resevwa enfòmasyon sou ki kou plasman avanse yo ofri, kijan pou enskri ladan yo, ak avantaj ki genyen nan patisipasyon an. Lejislasyon (S.1732/A.6091) etabli gouvènman elèv ke yo chwazi pa kamarad swa nan lekòl segondè yo oswa nan tout distri kote pa genyen kounye a. Sa a se dènye angajman Gouvènè Hochul pran an vè elèv New York yo pandan y ap retounen lekòl la, ki bati sou plizyè anons semèn sa a pou elaji ak sipòte yon mendèv pwofesè divèsifye, agrandi sant gadri nan kanpis SUNY yo, epi asire distri lekòl yo ak BOCES yo gen tèl COVID-19 ak mask ki disponib.

"Edikasyon se pi gwo egalizatè pou jèn Nouyòkè yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Lejislasyon sa a pwouve ke nou pa jis chanje politik - n ap kreye anviwònman kote chak fanmi gen konesans pou pi byen sipòte timoun yo nan vwayaj edikasyon yo epi elèv yo gen opòtinite pratike angajman sivik atravè opòtinite nan pwòp salklas yo."

Lejislasyon (A.514-A/S.5650-A) amande lwa edikasyon an pou mande pou tout distri eskolè yo ak lekòl endepandan yo bay paran yo ak elèv yo enfòmasyon sou disponiblite ak avantaj kou Plasman Avanse (Advanced Placement, AP) yo nan lekòl la sou yon baz anyèl. Avi sa yo dwe gen ladan avantaj ki genyen nan patisipe nan kou AP yo, yon deskripsyon kou yo ofri nan ane lekòl aktyèl la ak ane k ap vin apre yo pa yon distri oswa yon lekòl endepandan ak fason pou prepare ak enskri ladan yo, ansanm ak yon deskripsyon sou sipò akademik ak sipò non akademik distri a oswa lekòl endepandan yo bay, ki gen ladan asistans finansye ki gen rapò ak depans pou patisipe nan kou AP yo. Yo dwe bay avi sa yo elektwonikman oswa pa lapòs epi yo dwe afiche li sou sitwèb distri a oswa sitwèb lekòl endepandan an.

Senatè Eta John Liu te deklare, "Premye etap la pou rezoud mank divèsite nan klas avanse lekòl nou yo se asire chak fanmi konnen ki kou avanse ki disponib pou yo ak kijan kou sa yo kapab benefisyè edikasyon timoun lan. Mèsi anpil Gouvènè Hochul paske li rekonèt ke tout lekòl yo merite aksè ak kou avanse, epi li enperatif pou asire chak fanmi, espesyalman sila yo ki nan kominote ki pa gen ase sèvis epi ki pa reprezante ase yo, gen enfòmasyon yo bezwen pou pran desizyon enfòmè sou avni pitit yo."

□

Lejislasyon (S.1732/A.6091) amande lwa edikasyon an pou egzije yo etabli gouvènman elèv yo nan lekòl segondè yo oswa nan tout distri a kote yo pa egziste kounye a. Konsèy edikasyon oswa administrasyon chak distri lekòl k ap sèvi elèv lekòl segondè nan klas nevyèm ane jiska 12èm ane ki pa gen okenn gouvènman elèv ki chwazi pa kamarad nan tout distri a oswa nan batiman lekòl la dwe etabli yon sistèm gouvènman elèv.

Senatè Eta a Shelley Mayer, te deklare, "Patisipasyon nan gouvènman etidyan se yon fason dirèk, pratik pou jèn yo fè eksperyans ak aprann valè demokrasi reprezantasyonèl. Mwen kontan chak elèv segondè nan Eta New York pral gen opòtinite pou yo patisipe nan gouvènman elèv yo epi aprann ke vwa yo enpòtan, epi ke yo gen dwa -- ak obligasyon -- patisipe dirèkteman nan demokrasi nou an. Mwen remèsye kòlèg mwen an, Manm Asanble Steve Otis pou patenarya li sou lwa sa a, ak Gouvènè Kathy Hochul paske li te siyen li an lwa."

Manm Asanble Steven Otis te deklare, "Li pi enpòtan pase tout tan pou nou jwenn fason pou nou ranfòse konpreyansyon sou fason demokrasi fonksyone. Demokrasi se pa sèlman yon fòm gouvènman, men li mande tou konpetans yo aprann an matyè deliberasyon, koperasyon, konpwomi, ak kapasite pou koute ak anpil atansyon epi respekte opinyon lòt moun. Senatè Mayer ak mwen te patwone lejislasyon sa a pou asire ke opòtinite pou leson sivik enpòtan sa a disponib nan chak lekòl segondè atravè eta a. Nou remèsye Gouvènè Hochul ankò pou angajman solid li an vè prensip sa yo ak pou ranfòsman ekite ak opòtinite ak apwobasyon tou de pwojè lwa yo siyen jodi a ak angajman kontinyèl li pou finansman edikasyon."

Komisè Depatman Edikasyon Eta New York la, Betty A. Rosa, te deklare, "Aksè ak opòtinite ak aktivite ki anrichi eksperyans elèv yo ak ankouraje divès konpetans fòmè moun ki byen epanouyi ki gen plis tandans angaje yo aktivman nan kominote pa yo epi devni sitwayen ki enfòmè, avèk yon lespri sivik. Depatman an ak Konsèy Administrasyon an pran angajman pou deklannche yon pasyon pou kiryozi ak kwasans kontinyèl, epi lè nou agrandi pwogram tankou sa yo, nou ka trase wout pou yon pakou aprantisaj ki dire tout lavi pou pwochen jenerasyon an."

###